

SWEN PANDAN TRANCHE AK AKOUCHMAN

Ak kisa pou atann ou lè ou rive nan BMC Labor and Delivery

Lè ou rive nan BMC Labor and Delivery yo pral anrejistre w nan biwo resepsyon an. Apresa ou pral nan triyaj. Triyaj se kote nou pral tcheke oumenm ak tibebe ou an epi ede nou deside si ou dwe rete nan lopital la oswa si ou pa dwe rete. Pafwa lè tranche a fèk kòmanse li kapab twò bonè pou rete nan lopital la. Si oumenm ak tibebe ou an ansante, yo kapab voye w lakay ou pou tann tranche a pwogrese.

Pandan tranche a, ou pral genyen yon enfimye/enfimyè prensipal ak yon fanmsaj oswa yon doktè k ap responsab pou pran swen oumenm ak tibebe ou an. Epitou doktè rezidan yo kapab konsilte w pandan tranche ou an. Anestezis yo disponib si ou vle yon epidiral pandan tranche a. Etidyan medsin yo, etidyan fanmsaj, oswa etidyan asistan medsen yo kapab ede w tou nan tranche a.

Nou pral:

- Verifye frekans kadyak tibebe a
- Verifye kòl matris ou pou wè nan ki pwen li dilate
- Pran san w pou fè kèk tès
- Nou kapab mete yon sewòm pou ou (se pa tout moun ki bezwen yon sewòm pandan tranche)
- Diskite sou opsyon ki genyen pou kontwòlè doulè ou



Pifò gwosès ak akouchman pase san konplikasyon. Sepandan, pafwa pwoblèm kapab devlope. Seksyon sa a pral reponn kèk nan kesyon ou genyen sou pwoblèm ki plis kouran yo.

Nou pale avèk tout pasyan yo sou pwoblèm sa yo epi nou pral mande w pou siyen yon fòmilè ki di ke ou konprann yo epi ou dakò pou kite nou ede oumenm ak tibebe ou an si nenpòt nan pwoblèm sa yo rive.



KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU PWOBLÈM KI KOURAN PANDAN TRANCHE A

E si yo dwe kòmanse oswa dwe deklanche tranche mwen an?

- Yo ka itilize misoprostol, oxytocin (pitocin) ak yon balon sèvikal pou kòmanse tranche a.
- Misoprostol ak pitocin se medikaman ki lakoz kontraksyon. Pafwa yo rann kontraksyon yo twò fò.
- Tibebe ou an kapab pase yon moman difisil avèk kontraksyon ki fò yo. Founisè ou an ka chanje medikaman ou an si ou menm oswa tibebe ou an genyen yon pwoblèm.
- Yon balon foley ka ede prepare kòl matris ou an pou tranche pandan l ap louvri l plis.

E si tranche mwen an ralanti?

- Kèk bagay ki ka ede akselere tranche a se chanje pozisyon, repoze, oswa pran lòt likid anplis atravè IV ou.
- Founisè ou an kapab rekòmande pou pete dlo ou an (amniyotomi). Li fè sa avèk yon ti kwochè, tankou yon egij kwochè. Sa pa bay doulè. Sa kapab rakousi tranche ou an.
- Nou rekòmande oxytocin (pitocin) (gade anwo a).
- Founisè ou an kapab itilize yon katetè presyon entra-iterin. Sa se yon ti tib ke founisè ou an antre anndan matris ou ki montre nan ki nivo kontraksyon ou yo fò.
- Ou kapab bezwen yon akouchman pa sezaryèn (C-section) paske lòt trètman yo pa te ede. (gade anba a)

E si genyen yon pwoblèm avèk frekans kadyak tibebe mwen an?

- Kèk bagay ki ka ede batman kè tibebe ou an se chanje pozisyon w, respire plis oksijèn nan yon mask, oswa resevwa plis likid nan sewòm ou an.
- Pou ede frekans kadyak tibebe ou an, founisè ou an kapab kanpe medikaman ki fè kontraksyon yo pi fò a.
- Nan kèk ka, founisè ou an kapab itilize yon Elektwòd pou Po tèt Fetal (Fetal Scalp Electrode, FSE). Sa se yon ti monitè yo plase sou tèt tibebe ou an. Sa bay plis enfòmasyon sou frekans kadyak tibebe ou an.
- Ou kapab bezwen yon akouchman pa sezaryèn (C-section) paske lòt trètman yo pa te ede, (gade anba a)

Kisa ou fè si tibebe m lan bezwen èd pou soti byen vit?

- Epizyotomi. Se yon ti koupe nan vajen an yo fè, ki bay plis espas pou tibebe a fèt. Pifò fanm pa bezwen yon epizyotomi. Epizyotomi ka ogmante risk pou dechiri fon nan vajen an. Dechiri nan rektòm nan ka lakoz pwoblèm pou kenbe gaz oswa poupou.
- Fòsèps oswa yon vantouz. Sa yo se zouti yo plase sou tèt tibebe a pou ede rale tibebe a pandan w ap pouse pou ede tibebe a soti byen vit. Byenke pifò tibebe yo pa gen pwoblèm avèk yon fòsèps oswa avèk yon vantouz, ka genyen risk. Fòsèps yo kapab mètri po tibebe ou an oswa, nan ka ki ra, andomaje yon nè nan vizaj tibebe ou an. Vantouz la kapab lakoz anflamasyon sou po tèt tibebe ou an oswa, nan ka ki ra, andomaje veso sangen yo nan tèt tibebe ou an. Fòsèps oswa yon vantouz kapab ogmante risk pou andomaje misk ki nan basen ou.

- Akouchman pa sezaryèn (C-section). Sezaryèn yo se lè doktè ou an fè yon koupe nan po w ak nan matris ou pou akouche tibebe ou an. Ant 15-35% nesans yo fèt avèk sezaryèn. Yo planifye kèk sezaryèn anvan tranche epi lòt yo ka rive pandan tranche a.

Kèk rezon ki fè ou kapab oblije akouche tibebe ou an pa mwayen sezaryèn genyen ladan:

- Tibebe ou an gen yon pwoblèm nan gwosès la oswa nan tranche a.
- Tranche ou an kanpe.
- Ou te fè yon Sezaryèn anvan sa epi ou bezwen fè youn ankò.
- Tibebe ou an pa nan pozisyon ki kòrèk la.
- Ou genyen yon pwoblèm medikal.

Ki pwoblèm yon Sezaryèn ka lakoz?

- Pèt san (emoraji)
- Enfeksyon
- Doulè aprè Sezaryèn lan
- Tisi ki sikatrize (sa ka fè lòt chiriji nan vant yo vin plis difisil pou fèt)
- Pwoblèm ki ra yo genyen ladan:
 - Domaj nan vesi a, nan entesten yo, oswa nan veso sangen yo
 - Yon ti koupe sou tibebe ou an
 - Isterektomi (chiriji pou retire matris ou) (1-2 sou 1000)
 - Lanmò (1 sou 10,000)

Èske mwen ka fè yon akouchman vajinal aprè yon Sezaryèn?

Nan anpil ka, wi. Byenke sa ra (mwens pase 1 sou 100), sikatris ki sou matris ou an ka dechire pandan tranche a (ripti iterin). Ou genyen plis chans pou dechire si ou te deja fè plis pase yon sèl Sezaryèn. Fanmsaj oswa doktè ou an pral pale avèk ou sou chans ou genyen pou gen pwoblèm nan pwochen gwsès ou an.

E si mwen genyen yon lafyèv pandan tranche a?

Yon enfeksyon nan matris ou kapab lakoz yon lafyèv. Founisè ou an kapab rekòmande yon antibiyotik nan IV ou. Epitou tibebe ou an kapab bezwen antibiyotik IV aprè nesans lan. Sa rive nan anviwon 2-3 akouchman vajinal sou 100. Enfeksyon yo plis kouran aprè yon Sezaryèn epi tout fanm resevwa antibiyotik pou prevni enfeksyon.

E si tibebe mwen an vin kwense pandan l ap sòti?

Lè tèt tibebe ou an soti men zepòl la vin kwense dèyè zo pibis ou, sa rele distosi zepòl. Sa se yon ijans. Sa rive nan 2 akouchman sou chak 100. Founisè ou an kapab mande w pou chanje pozisyon w. Yo kapab koupe yon epizyotomi. Klavikil tibebe ou an ka kase pandan akouchman an. Sa prèske toujou amelyore poukont li. Pafwa presyon sou zepòl tibebe ou an ka andomaje yon nè nan bra tibebe ou an. Plis souvan nè a amelyore avèk terapi fizik. Nan ka ki ra, domaj nan sèvo oswa lanmò ka rive lè yon tibebe vin kwense pandan lontan.



KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU PWOBLÈM KI KOURAN APRÈ AKOUCHMAN

E si vajen mwen chire pandan akouchman an?

- Anpil moun k ap akouche fè ti chire nan vajen an pandan akouchman an.
- Pafwa yon epizyotomi te rekòmande, (gade seksyon anvan an)
- Founisè ou an pral verifye vajen ou pou wè si gen chire aprè tibebe ou an fèt.
- Ou kapab bezwen yon pwen kouti pou geri ti chire a. Pwen kouti a fonn poukont li. Yon pakè frèt ede pou doulè nan premye jou a.

E si mwen senyen twòp?

- *Masaj.* Founisè ou an kapab fè masaj nan matris ou pou ede l kontrakte.
- *Oxytocin ak lòt medikaman.* Medikaman sa yo kapab fè matris la sispann senyen.
- *Plasennta* a kapab kwense anndan epi founisè ou an kapab bezwen rive anndan matris la pou retire l. Sa pa trè kouran.
- *Dilatasyon ak Kitaj.* Sa se chiriji pou retire nenpòt tisi ki rete nan matris ou aprè akouchman an. Li ka ede sispann emoraji a. Dilatasyon ak kitaj kapab ogmante risk ou pou fè enfeksyon epi kapab andomaje matris ou, vesi ou, oswa entesten ou yo.

- *Transfizyon san.* Sa se lè ou resevwa nouvo san pou ranplase san ou te pèdi a. Sa rive nan 4 akouchman sou chak 1000.
- *Isterektomi.* Sa se lè doktè ou an retire matris ou pou kanpe emoraji a. Se pa anpil moun ki bezwen yon isterektomi (1-2 sou 1000).

E si tibebe mwen an bezwen èd aprè akouchman an?

- Pifò tibebe yo kòmanse respire poukont yo aprè akouchman an. Pafwa tibebe yo bezwen lòt èd anplis, yo konnen sou non reanimasyon neyonal. Founisè ou an kapab bay tibebe ou an oksijèn nan yon mask, oswa mete yon tib nan poumon tibebe a (entibasyon) pou ede li respire.
- Mekonyòm se premye pou pou tibebe a. Tibebe a kapab pase mekonyòm nan dlo a anvan akouchman an. Si sa rive, yon pedyat pral prezan nan akouchman tibebe ou an si tibebe ou an bezwen èd pou respire.
- Nou genyen pedyat espesyal k ap travay nan lopital la ki ka pran swen tibebe ou an si ta genyen yon ijans.

Objektif nou se pou bay akouchman ki plis an sekirite posib pou ou ak pou fanmi w. Byenke pifò fanm bay nesans san gwo konplikasyon, nou pa ka prevwa fason akouchman ou an pral pase epi kapab genyen rezilta nou pa te prevwa. Dokiman sa a se pou enfòmasyon sou konplikasyon ki posib nan moman akouchman an. Yo te ba w okazyon pou revize dokiman sa a ak pou poze founisè ou an kesyon anvan ou siyen konsantman pou tranche a.

FÈY ENFÒMASYON SOU ALÈTMAN



Pifò moun konnen ke alètmàn bon pou tibebe epi genyen yon kantite avantaj nan alètmàn. Sa yo pa sèlman aplike senpleman ak tibebe yo, men pou moun aprè akouchman yo tou. Pa egzanp:

AVANTAJ KI GENYEN POU PARAN K AP BAY TETE

- Devlope relasyon emosyonèl espesyal ak lyen avèk tibebe li a
- Lèt tete a GRATIS - sa ki redwi oswa elimine frè fòmila a
- Tibebe ki tete yo mwens malad, sa ki vle di sa redwi frè swen sante pou fanmi an epi yo mande mwens tan lwen travay yo
- Rediksyon risk pou fè kansè nan tete ak kansè nan ovè
- Rediksyon nan risk pou fè anemi
- Pwoteksyon kont osteyopowoz ak frakti nan anch pita nan lavi yo

- Ede retounen kò ou nan eta anvan gwasès li a pi rapid
- Ede retade retou fètilite ak pou mete espas ant lòt gwasès yo

AVANTAJ KI GENYEN POU TIBEBE KI AP TETE YO

- Lèt moun bay timoun yo melanj nitrisyon ki plis konplè epi ki pafè
- Lèt manman chanje ofiramezi tibebe a ap grandi. Sa bay tibebe a pi bon nitrisyon nan tout etap yo.
- Tibebe yo benefisye yon lyen espesyal ak relasyon emosyonèl avèk paran an

- Pwoteje kont dyare, gastwo-anterit, ak lòt boulvèsman lestomak
- Rediksyon nan risk pou dyabèt
- Pwoteksyon kont enfeksyon nan zòrèy ak maladi respiratwa
- Rediksyon risk SIDS (Sendwòm Lanmò Sibit Lakay Nourison)
- Pwoteje kont menenjit, lenfòm danfans, maladi Crohn, ak Antewokolit Ilseratif
- Rediksyon ensidans ak gravite alèji
- Alètmàn jwe yon wòl enpòtan nan devlopman emosyonèl
- Tibebe yo genyen pi bon devlopman nan sèvo ak nan sistèm nève

AVANTAJ ANVIWÒNMANTAL AK SOSYAL KI GENYEN NAN ALÈTMAN

- Alètmàn redwi frè swen sante pandan l ap ankouraje timoun ak manman ki plis an sante
- Alètmàn matènèl bon pou anviwònman an! Li pa bezwen anbalaj oswa lòt materyèl anplis.
- Rate mwens jou travay paske timoun yo plis an sante



BYENVENI TIBEBE!

SA OU PRAL BEZWEN KONNEN LÈ W AP KITE LOPITAL LA AVÈK NOUVO TIBEBE OU AN

Après tibebe ou an fèt, nou toude prale nan sal après akouchman ki pataje a nan BMC Labor and Delivery. Manm pèsonèl la pral bay oumenm ak fanmi w pi bon swen ki posib pandan moman trè espesyal sa a. Isit la, ou pral aprann sou nouvo tibebe ou an ak fason pou pran swen l, ak pou pran swen tèt ou. Enfimyè/enfimyè ki kalifye nan swen après akouchman yo pral travay avèk ou pou reyalize tout etap ki nesèsè pou prepare oumenm ak tibebe ou an pou yon tranzisyon ki san danje lakay la.

EGZAMEN AK TÈS POU TIBEBE A

Nou kapab pran swen tibebe ou an nan chanm nan epi fè egzamen ak tès yo pou tibebe ou an isit la.

Sa yo gen ladan yo:

- **Vaksen Epatit B:** Se premye nan twa enjeksyon pou anpeche enfeksyon Epatit B a.
- **Depistaj metabolik nouvo-ne Eta a ak depistaj pou biliribin:** Tès depistaj sa yo mande prelevman san, ke yo pran nan talon pye tibebe ou an. Yo pral pran san pou toude tès sa yo nan menm moman an.
- **Tès oditif:** Tès sa a senp epi san doulè, epi sa pran sèlman kèk minit.
- **Depistaj nan kè:** Yo fè sa pou asire ke kè tibebe ou an ansante.
- **Premye beny:** Sa pral fèt lè tibebe ou an genyen laj 12-24 èdtan. Nou retade beny lan pou ede tibebe ou an rete cho epi pou asire ke sik nan san an rete nan entèval nòmal la.

- **Retire pens kòd lonbrit la:** Nou pral retire pens kòd lonbrit tibebe ou a 24 èdtan après li fèt.

Tanpri enfòme nou si ou vle nou sere pens lan pou ou.

- **Sikonsizyon:** Nou tann jiskaske tibebe a genyen omwen laj 12-24 èdtan, jiskaske li pipi yon fwa, epi jiskaske l ap montre siy ke li pa genyen okenn pwoblèm pou manje. Yo fè pwosedi sa a nan yon sal egzamen nan inite après Akouchman an

POU PARAN APRÈ AKOUCHMAN AN

- Ou kapab genyen randevou pou kèk vaksen, tankou COVID, Grip, MMR (Lawoujòl, Malmouton ak Ribeyòl), oswa Varisèl.
- Enfimyè/enfimyè ou an pral ranpli fòmilè pwogram Nitrisyon ak Manje pou Fanm Tibebe ak Timoun yo (Woman, Infants, and Children, WIC), si sa nesèsè.

- Si w ap bay tete, nou pral ba w enfòmasyon sou gwoup sipò alètman yo tankou Baby Cafe. Gen plis enfòmasyon sou Baby Cafe BMC yo ki sitiye nan BMC.org/obgyn/babycafe.

- Si ou nourri tibebe a ak fòmila, nou pral ba w enfòmasyon sou fason pou byen prepare fòmila tibebe a.

Lè oumenm ak tibebe ou an prè pou kite BMC a, enfimyè/enfimyè ou an pral retire bann sekirite a (HUGS) sou tibebe ou an.

Mèsi paske ou fè nou konfyans pou pran swen oumenm ak fanmi w.

LIS BAGAY NOUVO PARAN AN FÈ

- **Chèz Machin:** Pote chèz machin ou an soti lakay ou osito posib. Nou vle asire ke ou konnen fason pou byen mete tibebe ou an nan chèz machin nan epi asire ke ou genyen ase tan pou pratike ak pou poze kesyon.
- **Sètifika Nesans:** Espesyalis sètifika nesans ou an pral vini nan chanm ou an pou asire ke ou siyen papyè yo. Si ou genyen l, pote yon ID gouvènman an tankou yon lisans chofè oswa yon paspò pou youn oswa toude paran yo.
- **Randevou pou Nouvo-Ne:** Tanpri chwazi yon founisè pou tibebe ou an. Nou pral pran premye randevou swen jeneral pou tibebe ou an pou lè li genyen laj 3 jiska 5 jou.
- **Retounen Lakay Ou:** Tanpri kòmanse planifye retou lakay ou an. Objektif nou se pou oumenm ak tibebe ou an ale anvan 11:00 AM.



KONFÒ NAN TRANCHE A



Nou ofri anpil opsyon pou bay konfò pandan tranche ou an ak pandan akouchman ou an. Opsyon sa yo genyen ladan divès medikaman oswa metòd natirèl (san medikaman).

Edikasyon Sou Akouchman

Swiv yon kou sou edikasyon sou akouchman ka ede w prepare w pou tranche a. Menm si ou planifye pou itilize medikaman lè ou gen tranche, li bon pou konnen kèk fason natirèl pou jere doulè tranche a ke ou ka itilize lakay ou lè tranche a kòmanse. Vizite BMC.org/obstetrics/childbirth-education pou dekouvri plis epi enskri pou jwenn yon kou edikasyon sou akouchman.

TRANCHE NATIRÈL (SAN MEDIKAMAN)

Chak moun k ap akouche fè fas ak doulè tranche a nan fason li. Lè ou konprann fason kò w fonksyone epi aprann santi w relakse, aprann ke moun renmen w, ak lè w resevwa sipò sa pral ede w fè fas ak tranche a.

Teknik tranche natirèl, ou ka fè yo genyen ladan:

- Respire pandan kontraksyon ou yo
- Itilize pakè ki tyèd oswa pakè glas kote k ap fè w mal la
- Mache si ou kapab
- Chanje pozisyon w lè li difisil pou adapte w

- Itilize yon balon pou akouchman
- Chwazi yon moun sipò ki ka ede w nan kontraksyon yo. Poze founisè swen ou an kesyon sou Pwogram Birth Sisters la si ou enterese nan jwenn lòt sipò anplis.
- Idwoterapi/Benywa
 - Idwoterapi itilize dlo tyèd pou ede w soulaje doulè. Ou ka itilize douch la oswa youn nan benywa pou tranche yo pou ede pou doulè tranche a. Etid medikal yo pa montre pwoblèm avèk itilizasyon benywa pandan tranche a. Kèk fanmi twouve sa relaksan anpil pandan tranche a epi sa ka ede w itilize mwens medikaman pou doulè pandan tranche a

MEDIKAMAN AK KONFÒ NAN TRANCHE A

Kèk moun k ap akouche chwazi medikaman pou doulè pou jere doulè pandan tranche. Genyen twa tip medikaman: medikaman nakotik, pwotoksid azòt, ak medikaman pou anestezi.

Nakotik

Sa se medikaman yo bay nan IV ou oswa avèk yon piki.

Avantaj:

- Kapab elimine kèk nan doulè a
- Fè w santi w plis relakse epi anvi dòmi
- Ka ede w dòmi ant kontraksyon yo

Enkonvenyan:

- Kapab pa elimine tout doulè a
- Pafwa moun santi yo toudi oswa gen kèplen

Pwotoksid azòt “Gaz ak Lè”

Sa se yon medikaman ou respire nan yon mask. Sa fonksyone sèlman pandan w ap respire epi efè yo disparèt lè ou sispann respire nan mask la.

Avantaj:

- Kapab elimine kèk nan doulè a
- Kapab fè w santi w plis relakse
- Ou kapab toujou santi doulè men ou pa bay sa twòp enpòtans

Enkonvenyan:

- Kapab pa elimine tout doulè a
- Pafwa moun santi yo toudi oswa gen kèplen

Anestezi

Sa se yon medikaman ki administre pa yon anestezi (yon doktè ki espesyalize ki genyen fòmasyon pou bay medikaman anestezi a) pou angoudi doulè tranche a. Pandan tranche a oswa pandan Sezaryèn, yo ka bay anestezi nan twa (3) fason diferan:

1. Epidiral: Sa se lè anestezi la mete yon katètè oswa yon tib nan do w. Medikaman pou doulè a pase nan tib la pou angoudi doulè tranche a. Ou ka resevwa plis medikaman pou doulè nan tib la jan ou bezwen an pandan tranche a. Sa pran apeprè 20 minit pou doulè a kanpe. Yon epidiral se fason ki plis kouran pou bay medikaman anestezi pou doulè.

2. Anestezi rachidyen: Anestezi la ba w yon piki medikaman pou doulè nan do w. Anestezi rachidyen an angoudi doulè tranche a nan yon kantite tan ki kout epi yo plis souvan pou yon seksyon sezaryèn.

Avantaj:

- Epidiral ak anestezi rachidyen an ede angoudi pifò nan doulè tranche ou an



- Mwens doulè fè w santi w plis relakse

Enkonvenyan:

- Epidiral ak anestezi rachidyen an kapab fè janm ou yo vin angoudi anpil epi vin lou
- Sa yo ka ralanti vitès kontraksyon ou yo epi fè tan pouse yo vin pi long
- Sa yo kapab lakoz yon maltèt ki ka dire plizyè jou

3. Anestezi jeneral: Nan kèk ka, anestezi la pral ba w medikaman pou fè w dòmi pandan chiriji a. Ou pral genyen yon tib ki desann nan gòj ou pou ede w respire pandan w ap dòmi an. Yo pa itilize anestezi jeneral la trè souvan.



NAN KA YON IJANS

DAT AKOUCHMAN MWEN AN SE:

NIMEWO KONTAK IJANS YO:

NON FOUNISÈ MWEN AN SE:

KILÈ POU RELE POU JWENN ÈD

Si ou genyen nenpòt nan siy avètisman sa yo, rele nimewo ou te ekri a.
Aprè lè ouvèti yo rele **617.414.2000** oswa nimewo founisè ou an te ba w la:

- Trè move kèplen avèk vomisman ki pa vle pase.
- Doulè oswa brili lè w ap pase pipi.
- Trè move doulè nan vant.
- Senyen nan vajan.
- Yon kou vyolan oswa yon twomatis nan vant ou.
- Frison oswa lafyèv ki depase plis pase 100.4 degre Fahrenheit.
- Difikilte pou respire oswa doulè nan pwatrin.
- Tibebe ou an pa bouje menm jan ak anvan.
- Siy tansyon wo (pre-eklanpsi):
 - Trè move maltèt ki pa disparèt.
 - Trè move doulè nan vant, espesyalman anba zokòt dwat ou.
 - Vizyon ou twoub oswa ou wè zeklè limyè.
- Tranche premature (tranche anvan 37 semèn):
 - Kontraksyon (vant ou vin di) plis pase 4 fwa nan inèdtan.
 - Ou genyen kranp nan vant tankou lè ou genyen règ ou.
 - Doulè nan anba do, ki pa twò fò.
 - San oswa likid klè k ap soti nan vajan ou



KONSÈY POU PRAN SWEN NOUVO TIBEBE OU AN

SI TIBEBE NOUVO-NE OU AN TE KA PALE, MEN SA LI T AP DI W...

"Waw, soti nan vant se yon gwo antrènman toutbon! Mwen ta dwe eseye tete nan inèdtan aprè nesans lan men apres a mwen ka vle dòmi anpil pandan pwochen 24 èdtan yo."

"Mwen ta renmen pou w kenbe m kole po m ak po w otan sa posib, jis mande enfimye/ enfimye a fason pou fè sa danje."

"Siveye m pou chèche si yon ki di ke mwen vle manje, tankou lè mwen bouje lè mwen ak lè m ap eseye mete men mwen nan bouch mwen, oswa lè mwen kòmanse reveye epi bouje bra ak janm mwen yo."

"Si mwen gen dòmi, men mwen bezwen manje, eseye devlope m oswa chanje daypè mwen. Anvi dòmi toujou? Kontinye kenbe m kole po m ak po w epi eseye ankò nan inèdtan!"

"Èske ou te konnen ke kò w te kòmanse pwodwi lèt pou mwen byen bonè nan gwosès ou? Lestomak mwen piti anpil, anviwon gwosè yon ti mab; mwen pa bezwen anpil lèt; ou genyen tout sa mwen bezwen!"

"Si mwen pa akwoche ak tete w nan premye 12-24 èdtan yo oswa si mwen genyen difikilte, èske ou ka rale avèk men w yon ti "Likid Annò" mwne te tande pale de li a sou lè mwen oswa mande enfimye/enfimye a pou montre w fason pou ban m li avèk yon ti kiyè tou piti?"

"Menm si bay tete se yon bagay ki 'natirèl' nou ka bezwen yon ti èd ak konsèy nan men enfimye/ enfimye nou an; mande èd si mwen pa ka akwoche m oswa fè enfimye/enfimye nou an gade pou wè kijan sa prale pou nou."

"Yon fwa mwen fè yon ti reveye, (aprè premye 24 èdtan yo), se sèten mwen pral vle manje plis souvan. (Mwen espesyalman renmen manje lannwit lè ou vle dòmi!) Kounyeya mwen ta dwe vle ou ban m tete pandan omwen 8-12 fwa nan yon peryòd 24 èdtan. Lè ou ban m manje souvan sa pral ede w pwodwi plis lèt pou mwen!"

"Si ou depoze m lè m fin manje, mwen kapab reveye byento epi mwen kapab vle tete ankò. Se pa paske mwen grangou, se paske sa rekonfòte m."

"Mwen vrèman kontan pou rankontre fanmi ak zanmi ou yo men nou bezwen plis tan pou aprann konnen youn lòt epi ou bezwen tan pou dòmi tou, Manman!"